

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda salasihijina nya éta kaparigelan basa, anu ngawengku kana opat aspék nya é ta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Salasihijina nya éta nulis , ieu kaparigelan téh alus pisan keur siswa pikeun mekarkeun idena. Nulis mangrupa kagiatan anu sipatna produktif. Upama siswa resep nulis, tangtu kaparigelanna bakal leuwih onjoy. Ku kituna, siswa jadi leuwih percaya diri dina medar atawa ngadadarkeun hiji pasualan.

Kiwari nu boga minat kana nulis masih kurang , malah geus loba anu teu maliré kana budaya nulis . Gola Gong (2008: 36) nandeskeun yén “*Bagi penulis pemula, kesulitan awal adalah bagaimana caranya bisa menemukan ide dan menuliskannya.*”

Dumasar kana éta pamadegan, tétéla yén motivasi, inspirasi jeung kahayang diperlukeun pisan pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis surat pribadi. Nulis téh bisa dina naon waé, dina kertas, buku atawa laptop, kajaba ayeuna mah téhnologi leuwih canggih. Teu mikaresepna siswa kana nulis maké basa Sunda, nya éta sabab ku kawatesanan kabasaan atawa kekecapan basa Sunda-na. Basa atawa kecap-kecap anu dipaké dina pangajaran basa Sunda pikeun siswa SMP téh rata-rata teu saluyu jeung kamampuh siswa, lantaran éta basa dikuasaan ku basa-basa dina jaman bihari nu leuwih nyoko kana kekecapan nu

baleurat ngahartikeunana. Sedengkeun siswa jaman kiwari, rata-rata mikaresep kana kabasaan nu modéren, babari kaharti, tur saluyu jeung mangsana.

Nurutkeun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) (Dinas Pendidikan Prov. Jabar, 2007: 83) yén pangajaran nulis pikeun kelas VIII mibanda SKKD : *8.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan jeung kahayang dina wangun surat, esai, laporan, sisindiran, dan guguritan.* Sedengkeun salasihiji Kompetensi Dasarna nya éta *8.4.1 menulis surat.*

Dumasar kana ébréhan di luhur, nulis surat pribadi mangrupa salasihiji matéri ajar dina pangajaran Basa Sunda SMP . Nya éta, salasihiji sarat nu kudu kacangking dina SKKD. Kitu deui, pangajaran basa Sunda téh kudu nyoko kana Kurikulum Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar. Tapi, lantaran siswa SMP teu sakabéhna resep nulis , ieu kudu diaping ku bimbingan guru nu bisa ngarangsang uteuk siswa sangkan mampuh nulis maké hiji modél atawa métode pangajaran anu matak pikaresepeun. Kiwari, métode pangajaran nu dipaké ku guru geus kurang dipaliré ku siswa , sabab teu ngagunakeun modél pangajaran anu leuwih modéren.

Pangajaran nulis surat pribadi dina prak-prakana mah aya kénéh masalahna anu ngalantarankeun siswa kurang bisa nyieun surat pribadi anu bener. Aya sawatara faktor anu ngalantarankeunana, di antarana nya éta ku kamekaran atawa kamajuan téhnologi jaman kiwari saperti ayana situs-situs internét jejaring sosial, *fitur short message service (SMS) dina handphone, email, jsb.* Antukna, surat salaku alat komunikasi téh geus kurang dipaké deui, sabab dianggap henteu

praktis. Masalah séjénna anu kapaluruh nya éta masih kurang pahamna siswa kana struktur atawa bagéan-bagéan surat, basa sarta éjahan dina surat pribadi. Salian ti éta, modél ngajar anu dipaké ku guru masih tradisional saperti métde ceramah. Eta hal téh pangna teu babari kaharti ku siswa, ku lantaran dina prosés pangajaran guru can maké modél pangajaran anu modéren.

Dumasar kana masalah-masalah anu kapaluruh di luhur, ku kituna, diperlukeun hiji cara atawa alternatif pangajaran nulis surat pribadi. Pikeun ngungkulan éta masalah téh nya éta ku cara ngagunakeun modél pangajaran anu bisa ngareuahkeun sumanget diajar siswa dina pangajaran nulis sangkan leuwih motékar dialajar. Modél atawa métode pangajaran anu matak ngirut kana motivasi siswa atawa modél pangajaran anu modéren pikeun ningkatkeun éfektivitas pangajaran nulis surat pribadi téh nya éta ngagunakeun modél *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*.

Ku lantaran kitu, modél pangajaran anu baris dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* atawa *Kooperatif Terpadu membaca dan Menulis*. Ku sabab, salasahiji tina léngkah éta modél bisa ngungkulan siswa leuwih aktif jeung motékar dialajar. Nya éta, modél *CIRC* téh méré kasempetan ka siswa pikeun maca, ngaropéa jeung nyieun kacindekan sacara tinulis.

Upama ieu masalah teu ditalungtik, kacida cangcayana saupama dina nerapkeun hiji métode atawa modél pangajaran anu teu saluyu jeung kamampuh siswa tur teu bisa ngirut kana motivasi siswa dina ngalaksanakeun kagiatan nulis. Sabalikna, saupama ieu masalah ditalungtik, tangtu aya alusna keur pangalaman

nu nalungtik, pangrojong pikeun guru sangkan maké métode nu bisa ngirut minat siswa dina prosés diajar ngajar sarta siswa bisa kairut ku model pangajaran nu baris dipaké sangkan leuwih motékar dialajar. Salian ti éta, sanggeus diayakeun panalungtikan, tangtu bakal kanyahoan kumaha hasil ahir tina hiji modél atawa métode anu dipaké dina prosés diajar ngajar pangajaran Basa Sunda sarta dina matéri pangajaran nulis surat pribadi.

Dina SKKD pangajaran basa Sunda SMP kelas VIII, siswa kudu mampuh nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang dina wangun surat, éséy, laporan, sisindiran jeung guguritan. Anu salasihijina nya éta nulis surat pribadi. Siswa SMP, rata-rata kurang mikaresep kana pangajaran basa Sunda dina nulis jeung nembang. Salasihiji nu baris ditalungtik nya éta dina pangajaran nulis surat pribadi. Dina ieu panalungtikan, dipiharep baris ngirut motivasi siswa dina pangajaran nulis surat pribadi anu saluyu jeung kamampuhna séwang-séwangan.

Dina kurikulum anu anyar, siswa kudu bisa motékar dialajar sorangan. Modél pangajaran *CIRC* méré kasempetan ka siswa pikeun motékar dialajar, ku sabab dina prosésna téh siswa ngawangun kelompok, kelompok séwang-séwangan kawangun ku opat siswa sacara hétérogén, tuluy siswa dibéré téks wacana saluyu jeung bahan pangajaran, siswa maca éta téks wacana, néangan idé pokok jeung méré pamadegan kana éta téks wacana anu ditulis dina lembar jawaban, sarta siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna.

Hasil panalungtikan skripsi anu geus aya nya éta di antarana aya panalungtikan ngeunaan "*Efektivitas Média Email Pikeun Pangajaran Nulis Surat Pribadi*", disusun dina wangun skripsi taun 2010 kénging Nuraida Erlina, aya

deui panaluntikan dina wangun skripsi taun 2009 kénéng Inggar Nugraha anu judulna “*Média Visual Bagan Surat Kana Pangajaran Nulis Surat Pribadi*”, sarta aya deui panalungtikan dina wangun skripsi taun 2011 kénéng Fregina Agriawan anu judulna “*Efektivitas Média Game Dina Pangajaran Nulis Surat Pribadi*”. Tina sawatara hasil panalungtikan di luhur tétéla yén aya bédana jeung ieu panalungtikan anu baris ditalungtik, nya éta tina modél anu dipaké dina pangajaran nulis surat pribadi. Salian ti éta, panalungtikan skripsi ngeunaan nulis surat pribadi maké modél pangajaran *CIRC* téh salila ieu can aya nu nalungtik. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan téh baris ditalungtik. Modél pangajaran anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*.

Ku lantaran kitu, ieu skripsi téh judulna **Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* Dina Pangajaran Nulis Surat Pribadi** (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VIII D SMPN 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012).

1.2 Rumusan Masalah

Aya sababaraha rumusan masalah nu baris dipedar ku nu nulis , déskripsina saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang dina nulis surat pribadi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *CIRC* ?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang dina nulis surat pribadi sabada ngagunakeun modél pangajaran *CIRC* ?

- 3) Kumaha efektivitas modél pangajaran *CIRC* dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang?
- 4) Naha aya signifikansi kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *CIRC* ?

1.3 Watesan Masalah

Dina panalungtikan kudu aya watesan masalah anu diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sangkan leuwih museur kana tujuan. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang. Masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta pedaran ngawengku : 1) nulis surat pribadi keur ka babaturan, 2) eusi surat, 3) tata basa surat, 4) diksi surat, 5) komposisi surat, jeung 6) tata tulis surat.

1.4 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan téh aya sababaraha tujuan nu hayang kahontal ku nu nyusun, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kamampuh siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang dina nulis surat pribadi saméméh maké modél pangajaran *CIRC*.
- 2) Kamampuh siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang dina nulis surat pribadi sabada maké modél pangajaran *CIRC*.
- 3) Efektivitas modél pangajaran *CIRC* kana kamampuh siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang dina nulis surat pribadi.

- 4) Signifikansi kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII D SMPN 3 Lembang saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *CIRC*.

1.4.2 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun kapentingan téoritis jeung praktis. Sacara téoritis, ieu panalungtikan bisa méré mangpaat, di antarana nya éta:

- 1) Méré pangaruh pikeun kapentingan akademis dina widang élmu atikan hususna prosés diajar ngajar maké modél pangajaran *CIRC*.
- 2) Bisa dijadikeun hiji modél pangajaran jeung strategi dina ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi siswa.
- 3) Salaku alternatif modél inovasi dina mekarkeun modél pangajaran *CIRC* pikeun ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi.

Sacara praktis dina ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, di antarana:

- 1) Sangkan dijadikeun informasi pikeun guru dina upaya ngaalusan, ningkatkeun jeung mekarkeun kamampuh nulis surat pribadi siswa.
- 2) Sangkan sakabéh siswa bisa aktif tur gemet dina prosés diajar ngajar tur mikanyaho kumaha pangaruh modél pangajaran *CIRC* dina ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi.
- 3) Sangkan dijadikeun saran pikeun SMPN 3 Lembang dina mekarkeun kamampuh nulis surat pribadi siswa di SMPN 3 Lembang dina mangsa kahareupna.
- 4) Sangkan dijadikeun saran pikeun Dinas Pendidikan Jawa Barat hususna anu ngokolakeun widang atikan basa Sunda ngeunaan modél pangajaran *CIRC* dina

usahana ningkatkeun mutu pendidikan jeung ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi.

1.5 Anggapan Dasar

Dina ieu panalungtikan aya anggapan dasar, di antarana:

- 1) Modél pangajaran *CIRC* salasihiji modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina prosés pangajaran anu utamana dina pangajaran nulis.
- 2) Kaparigelan nulis mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa dina ambahan bahan ajar basa Sunda.
- 3) Nulis surat nya éta kamampuh nulis anu kudu kacangking dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran basa Sunda di SMP.

1.6 Hipotésis

Ieu panalungtikan ngagunakeun hipotésis alternatif (H_a) jeung hipotésis nihil (H_0) nya éta:

H_a : Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* éféktif bisa ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi SMPN 3 Lembang.

H_0 : Modél *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* henteu bisa éféktif ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi SMPN 3 Lembang.

1.7 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah anu kudu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition*, nya éta mangrupa salasihiji modél pangajaran anu léngkah-léngkah gawéna:
 - a) guru ngawangun kelompok, kelompok séwang-séwangan kawangun ku opat siswa sacara hétérogén;

- b) guru nepikeun wacana, méré téks wacana saluyu jeung bahan pangajaran;
 - c) siswa maca éta téks wacana tuluy néangan idé pokok jeung méré pamadegan kana éta téks wacana anu ditulis dina lembar jawaban.
 - d) siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna.
 - e) guru nyieun kacindekan babarengan jeung siswa;
 - f) guru macakeun kacindekan.
- 2) Nu dimaksud nulis surat pribadi dina ieu panalungtikan, nya éta nulis surat pribadi keur ka babaturan anu ngagunakeun modél pangajaran *CIRC* nu dilaksanakeun ku siswa kelas VIII C SMPN 3 Lembang.